

KONJE PEYE POU MALADI COVID-19



ANPLWAYÈ

Nouyòkè yo gen garanti pwoteksyon travay ak konpansasyon finansye pandan ke y ap sibi yon **isolman/ karantèn obligatwa oswa pa prekosyon sou òdonans** akòz COVID-19.

SA ANPLWAYÈ BEZWEN KONNEN SOU KONJE PEYE POU MALADI COVID-19:

Si w gen **10 oswa mwens** anplwaye epi ou gen yon **revni nèt mwens ke 1 milyon dola** ane pase, ou dwe bay anplwaye w yo:

- Garanti pwoteksyon djòb epi peye yo pou konje maladi COVID-19 ou pa t peye yo pandan kantite tan karantèn lan.
- Konpansasyon pou rès tan y ap fè nan karantèn lan atravè règleman Konje Familyal Peye (Paid Family Leave -PFL) aktyèl ou a ak règleman Benefis pou Andikap (Disability Benefits (DB) jiska 2884,62\$ pa semèn.

Si w gen **10 oswa plis** anplwaye epi ou gen yon **revni nèt mwens ke 1 milyon dola** ane pase, ou dwe bay anplwaye w yo:

- **Omwen 5 pèman pou konje maladi COVID-19** epi w gen garanti pwoteksyon travay pandan kantite tan òdonans karantèn lan.
- Konpansasyon pou rès tan y ap fè nan karantèn lan atravè règleman Konje Familyal Peye (Paid Family Leave -PFL) aktyèl ou a ak règleman Benefis pou Andikap (Disability Benefits (DB) jiska 2884,62\$ pa semèn.

Anplwayè ki gen **11-99** anplwaye dwe bay anplwaye yo:

- **Omwen 5 pèman pou konje maladi COVID-19** epi w gen garanti pwoteksyon travay pandan kantite tan òdonans karantèn lan .
- Konpansasyon pou rès tan y ap fè nan karantèn lan atravè règleman Konje Familyal Peye (Paid Family Leave -PFL) aktyèl ou a ak règleman Benefis pou Andikap (Disability Benefits (DB) jiska 2884,62\$ pa semèn.

Anplwayè ki gen **100 oswa plis** anplwaye dwe bay anplwaye yo:

- Pwoteksyon djòb ki garanti pandan dire karantèn lan.
- **Omwen 14 jou pèman pou konje maladi COVID-19** pandan òdonans karantèn lan.

Si w se yon anplwayè piblik (kèlkeswa kantite anplwaye ou genyen) ou dwe bay:

- **Omwen 14 jou pèman pou konje maladi COVID-19** pandan òdonans karantèn lan.

MEN SA OU BEZWEN FÈ AVAN AK APRÈ YO METE ANPLWAYE W YO AN KARANTÈN.

1. Fè anplwaye w yo konnen ke yo gen dwa pou yo resevwa benefis peye/pa peye pou jou konje (off) yo imedyatman.
2. Ede anplwaye w yo si nesesè aplike pou PFL oswa DB. imedyatman
3. Si w gen kesyon, rele liy-dirèk la nan **844-337-6303**.

NÒT ENPÒTAN:

- **Siw anplwaye w yo an karantèn men yo an mezi pou yo travay lakay yo, yo pa kalifye pou benefis sa yo.**
- Si biznis ou a fèmen akòz COVID-19, anplwaye w yo ka aplike pou asirans chomaj imidyatman.
- Benefis pou konje karantèn COVID-19 yo disponib sèlman pandan òdonans karantèn lan oswa izolman an. Yon fwa ke yon moun pa sou òdonans karantèn lan oswa izolman an ankò, yo pa kalifye ankò pou benefis konje karantèn oswa izolman yo COVID-19 Nouyòk yo.

KESYON:

- Pou Plis Enfòmasyon, ale sou paidfamilyleave.ny.gov/COVID19
- Liy-Dirèk Konje Peye pou maladi COVID-19: **844-337-6303**